# Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarması






# 2023-JÍL YANVAR-SENTYABR AYLARÍNDA TIYKARǴÍ KAPITALǴA INVESTICIYALAR






2023-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 7881,0 mlrd. som tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirilip, olardıń 61,5 % ti yaki 4846,3 mlrd. somı ajıratılǵan qarjılar esabınan qarjılastırılǵan bolsa, kárxana, mákemelerdiń hám xalıqtıń qarjıları esabınan 38,5 % yamasa 3034,7 mlrd. som qarjılandırıldı.

Jámi investiciyalar kóleminde, oraylasqan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, 2022-jıldaǵı úlesine salıstırǵanda 4,8 % punktke kemeyip, 24,2 % ti yamasa 1907,8 mlrd. somdı quradı.

Uyqas túrde, oraylaspaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan 5973,2 mlrd. som yamasa jámi investiciyalardıń 75,8 % ti ózlestirilip, 2022-jıldaǵı kórsetkishke salıstırǵanda 4,8 % punktke kóbeydi.

## Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri

| | |
|---|---|
| Kólemi | 1046,5 mlrd. som |
| Ósim páti | 122,2 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 13,2 % |

## Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı

| | |
|---|---|
| Kólemi | 30,2 mlrd. som |
| Ósim páti | 28,1 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 0,4 % |

## Respublika byudjeti

| | |
|---|---|
| Kólemi | 831,1 mlrd. som |
| Ósim páti | 73,7 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 10,6 % |

## Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri quramı

### 1 Kárxanalardıń óz qarjıları

| | |
|---|---|
| Kólemi | 2035,8 mlrd. som |
| Ósim páti | 101,9 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 25,8 % |

### 2 Xalıqtıń qarjıları

| | |
|---|---|
| Kólemi | 998,9 mlrd. som |
| Ósim páti | 99,4 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 12,7 % |

### 3 Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar

| | |
|---|---|
| Kólemi | 415,4 mlrd. som |
| Ósim páti | 179,5 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 5,3 % |

### 4 Kommercialıq bank kreditleri hám basqa qarız derekleri

| | |
|---|---|
| Kólemi | 521,5 mlrd. som |
| Ósim páti | 99,8 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 6,6 % |

### 5 Kepilliksiz hám basqa shet el investiciya hám kreditler

| | |
|---|---|
| Kólemi | 2001,6 mlrd. som |
| Ósim páti | 120,6 % |
| Jámige salıstırǵanda úlesi | 25,4 % |

## Qarjılandırıw derekleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, *mlrd.som*




2023-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında kárxana hám shólkemlerdiń óz qarjıları esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar – 2035,8 mlrd. som yamasa jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 25,8 % in quradı. Xalıqtıń qarjıları esabınan jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 12,7 % i yaki 998,9 mlrd. somı ózlestirildi.

Tuwrıdan-tuwrı shet investiciyalar esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 415,4 mlrd. somdı qurap 2022- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 79,5 % punktke kóbeyip, 5,3% ti quradı.

## 2023-jıl yanvar-sentyabr aylarında aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar

| | Investiciyalar kólemi, mlrd. som | Ósim páti, % te | úlesi, % te |
|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 7881,0 | 103,4 | 100,0 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 394,6 | 90,0 | 5,0 |
| Beruniy | 258,8 | 62,6 | 3,3 |
| Bozataw | 81,4 | 92,6 | 1,0 |
| Qaraózek | 1487,4 | 130,6 | 18,9 |
| Kegeyli | 93,4 | 76,0 | 1,2 |
| Qońırat | 1074,0 | 118,1 | 13,6 |
| Qanlıkól | 144,7 | 114,7 | 1,8 |
| Moynaq | 888,0 | 107,6 | 11,3 |
| Nókis | 254,8 | 141,0 | 3,2 |
| Taqıyatas | 147,5 | 74,7 | 1,9 |
| Taxtakópir | 52,1 | 83,0 | 0,7 |
| Tórtkúl | 496,9 | 108,1 | 6,3 |
| Xojeli | 181,3 | 97,3 | 2,3 |
| Shımbay | 195,9 | 96,5 | 2,5 |
| Shomanay | 75,0 | 74,6 | 1,0 |
| Ellikqala | 410,1 | 135,6 | 5,2 |
| Nókis q. | 1645,1 | 88,0 | 20,8 |

*Sonıń menen birge, kepilliklenbegen hám basqa shet el investiciya hám kreditler esabınan ózlestirilgen investiciyalar 2022-jıldıń uyqas dáwirine salıstırǵanda 20,6 % ke kóbeydi. Bunday joqarı ósim pátin 2022-2027-jıllarda Tebinbulaq temir ruda kánin ózlestiriw hám metallurgiya kompleksin qurıw (1-basqısh) boyınsha joybar, 2020-2030-jıllarda neft qazıp shıǵarıw kólemlerin kóbeytiw hám basqa investiciya joybarları menen anıqlama beriw múmkin.*






Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń texnologiyalıq quramında qurılıs-montaj jumıslarına 4709,5 mlrd.som investiciyalar ózlestirilgen bolıp, jámi investiciyalardıń 59,0 % in quradı, mashina, úskene hám inventarlar boyınsha 2782,8 mlrd. som (jámi investiciyalardaǵı úlesi 35,3 %) hám basqa qárejetlerge 388,7 mlrd.som (4,9 %) ti ózlestirildi.




Aymaqlar kesiminde jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar kóleminde qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish Qońırat rayonında gúzetildi 81,1 % yamasa 870,7 mlrd.som.

Qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń tómen dáreje Taqıyatas rayonında gúzetilip, 36,1 % ti yamasa 53,2 mlrd.somdı quradı. Taqıyatas rayonında mashina, úskeneler hám inventarlarǵa qárejetler boyınsha eń joqarı kórsetkish – 59,6 % yamasa 87,8 mlrd.somdı quradı.

Ámeldegi esabat dáwirinde de tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlken bólegi ekonomikada ámeldegi obyektlerdi keńeytiriw, rekonstrukciya hám modernizaciyalaw hám texnikalıq qayta qurallandırıwǵa jóneltirildi. Baǵıtlanǵan investiciyalar kólemi 4016,7 mlrd. somdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 51,0 % in quradı.

Jańa qurılısqa jóneltirilgen investiciyalar 2517,6 mlrd.somdı qurap hám respublikadaǵı jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 31,9 % in quradı. Qalǵan 17,1%, yaǵnıy 1346,6 mlrd.som basqa qárejetlerge jóneltirildi.

Keńeytiriw, rekonstrukciya hám modernizaciyalaw ushın jóneltirilgen investiciyalardıń jámi investiciyalardaǵı úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish 2022-2027- jıllarda Tebinbulaq temir ruda kánin ózlestiriw hám metallurgiya kompleksin qurıw (1-basqısh) joybarı sheńberinde ózlestirilgen investiciyalar nátiyjesinde Qaraózek rayonında gúzetilip, 93,2 % ti quradı.

## Aymaqlar kesiminde keńetiriw, rekonstrukciya hám modernizaciyalaw jumıslarınıń úlesi, jámige salıstırǵanda, % te



## Aymaqlar boyınsha jańa qurılıs jumıslarına ózlestirilgen investiciyalar úlesi, jámige salıstırǵanda, % te




## Aymaqlar boyınsha basqa jónelislerge ózlestirilgen investiciyalar úlesi, jámige salıstırǵanda, % te



## Aymaqlar boyınsha mashina, úskene hám inventarlarǵa investiciyalar úlesi, jámige salıstırǵanda, % te




## AYMAQLAR BOYÍNSHA QURÍLÍS-MONTAJ JUMÍSLARÍNA INVESTICIYALAR ÚLESI, JÁMIGE SALÍSTÍRǴANDA, % TE



## Aymaqlar boyınsha basqa qárejetler úlesi, jamige salıstırǵanda, % te




Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha quramında taw-kán sanaatı jetekshilik qılmaqta. Bul ekonomikalıq xızmet túrinde jámi qarjılandırıw derekleri esabınan 2008,4 mlrd. som yamasa jámi tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń 25,5 % ti ózlestirilgen.

## Taw-kán sanaatı quramında eń kóp ózlestirilgen investiciyalar xızmet túrleri boyınsha tómendegiler:



Tasıw hám saqlawda jámi 1478,8 mlrd.som yáki respublika boyınsha jámi investiciyalar kóleminiń 18,8 % i ózlestirilip, sonnan 9,3 % i yáki 731,9 mlrd. somı qurǵaqlıqtaǵı hám truba transportı tarawına tiyisli bolıp tabıladı.

**Qaraqalpaqstan Respublikasında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, jámige salıstırǵanda % te**






# Aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditler

mlrd. som

| | Jámi | Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar | Óz.R. kepilligi astındaǵı shet el kreditler | Kepilliksiz basqa investiciya hám kreditler |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **3463,5** | **415,4** | **1046,5** | **2001,6** |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 149,6 | - | 91,9 | 57,7 |
| Beruniy | 6,5 | - | - | 6,5 |
| Bozataw | 8,2 | - | - | 8,2 |
| Qaraózek | 1346,1 | 149,4 | - | 1196,7 |
| Kegeyli | 13,5 | 13,5 | - | - |
| Qońırat | 707,4 | 147,4 | 555,1 | 4,9 |
| Qanlıkól | 6,8 | 3,1 | - | 3,7 |
| Moynaq | 473,0 | - | - | 473,0 |
| Nókis | 96,8 | - | 87,1 | 9,7 |
| Taqıyatas | 5,3 | 0,5 | 1,2 | 3,6 |
| Taxtakópir | 8,3 | - | - | 8,3 |
| Tórtkúl | 165,2 | 9,3 | 87,2 | 68,7 |
| Xojeli | 12,9 | 5,8 | 1,2 | 5,9 |
| Shımbay | 40,8 | 10,9 | - | 29,9 |
| Shomanay | 17,7 | 13,6 | - | 4,1 |
| Ellikqala | 165,6 | - | 141,6 | 24,0 |
| Nókis q. | 239,8 | 61,9 | 81,2 | 96,7 |

**2023-jıl yanvar-sentyabr aylarında 3463,5 mlrd. som yáki tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 43,9 % i shet el investiciya hám kreditler esabınan ózlestirildi.**

**Jámi shet el investiciya hám kreditler quramında shet el investiciyalar 1911,9 mlrd. somdı qurap hám qalǵan 1551,6 mlrd. som shet el kreditleri esabına tuwrı keldi.**

Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciya hám kreditler esabınan ámeldegi dáwirde 2417,0 mlrd.som ózlestirilgen bolsa, Ózbekstan Respublikası kepilligi astında 1046,5 mlrd.som shet el kreditleri ózlestirilidi.

Tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditleriniń 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 126,0 % ti quradı.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciya hám kreditler quramı



**Qayta islew sanaatı**
**429,6 mlrd. som**
**úlesi 12,4 %**

**Taw-kán sanaatı**
**1740,0 mlrd. som**
**úlesi 50,2 %**

**Awıl xojalıǵı**
**155,4 mlrd. som**
**úlesi 4,5 %**

**Suw menen támiyinlew, kanalizaciya**
**269,8 mlrd. som**
**úlesi 7,8 %**

**Elektr, gaz, puw menen támiyinlew**
**17,1 mlrd. som**
**úlesi 0,5 %**

**Tasıw hám saqlaw**
**717,4 mlrd. som**
**úlesi 20,7 %**

**Kótere hám usaqlap satıw**
**3,8 mlrd. som**
**úlesi 0,1 %**

**Densawlıqtı saqlaw**
**75,0 mlrd. som**
**úlesi 2,2 %**

**Xabar hám baylanıs**
**45,2 mlrd. som**
**úlesi 1,3 %**



**Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi**

Baylanıs telefonı: ***(61) 222-75-91***